

Nalika Pisanan Kirana Menyang Pasar Tiban





Minggu esuk kang padhang ing Yogja. Bapak lan ibu ngajak Kirana mlaku-mlaku menyang “Pasar Tiban” –pasar tiban kang mung ana seminggu pisan ing dina Ahad. Kirana kepengin weruh banget amarga ibu wis crita yen arep ngajak Kirana saka minggu wingi.









Bapak numbaske dolanan othok-othok kanggo Kirana.
Sinambi mbuntel dolanane, Mbah Harjo menehi pitutur
luhur kang marakke Bapak lan Ibu manthuk-manthuk
tandha sarujuk.



Deloken ta, dolanan
murah uga bisa marakke
awakdhewe bungah
kaya mangkene iki!
Dadi, bungah
kuwi ora kudu larang ya,
Ndhuk. Sing penting
atine seneng lan awakdhewe
ngerti carane ngrasakke.

Leres sanget,
Mbah.
Matur nuwun
pituturipun
kagem
Kirana.

